



Kisa vyolans seksyèl ye?



Vyolans seksyèl se nenpòt kalite enteraksyon seksyèl yon moun pa vle genyen, tankou remak seksyèl san moun nan pa vle tande yo oswa agresyon seksyèl. Vyolans seksyèl se kapab yon sèl zak oswa sitiyasyon, oubyen se kapab yon seri evènman kote moun pale, kote moun pa pale oswa kote gen yon kontak fizik ki fè yon moun santi l pè oswa an danje. Li enpòtan pou konnen nenpòt moun ka sibi oswa komèt yon zak vyolans seksyèl, kèlkeswa laj li, ras li, gwoup etnik li, sèks li, relijyon li, kote li ye a, kapasite l yo, aparans li, relasyon li genyen yo, oryantasyon seksyèl li oswa idantite jan li.

KANTITE ZAK KI FÈT AK KÒZ YO

Nenpòt moun ka sibi oswa komèt yon zak vyolans seksyèl, kèlkeswa laj li, ras li, gwoup etnik li, sèks li, relijyon li, kote li ye a, kapasite l yo, aparans li, relasyon li genyen yo, oryantasyon seksyèl li oswa idantite jan li.

Nan New Jersey, anviwon 1 sou chak 2 fi ak 1 sou chak 3 gason sibi yon zak vyolans seksyèl ki mache ak kontak pandan lavi yo.¹ Malerezman, estatistik sa a montre jan vyolans seksyèl se yon pwoblèm ki fè kenken. Malgre sa, gen anpil moun ki pa vle pale sou vyolans seksyèl la akòz opinyon negatif sosyete a oswa kilti a genyen sou viktim yo, paske yo wont oswa paske yo pè pou yo pa jije yo. Tout faktè sa yo pran rasin yo nan diferan fòm opresyon.

Genyen lòt fòm opresyon, tankou nòm ki rijid sou sa gason oswa fi sipoze ye, maskilinite toksik, ak sipremasi blan, ki kontribye nan pwoblèm vyolans seksyèl la poutèt bagay sa yo tolere vyolans epi yo ka menm lakòz vyolans ak domaj, sitou sou moun ki konn majinalize ak gwoup minoritè yo, tankou moun ki andikape, moun ki nwa, ki otoktòn oswa ki pa blan (BIPOC), moun ki fè pati kominote lesbyèn, gèy, biseksyèl, transjan, kwi, ki nan faz kesyonman ak lòt ankò (LGBTQ+), paske moun sa yo konn sibi plis vyolans seksyèl pase lòt moun epi yo gen plis difikilte pou yo jwenn swen.



DIFERAN FÒM VYOLANS SEKSYÈL

Vyolans seksyèl la ka parèt sou diferan fòm, tankou atravè fòs, menas, manipilasyon ak kontrent. Gen anpil konpòtman ki danjere ak esterewotip ki fè anpil moun konsidere vyolans lan kòm yon bagay ki nòmal. Konsa, li fasil pou yon moun fè yon eksperyans oswa pou li viv yon sityasyon san li pa rann li kont se vyolans seksyèl li ye toutbon. Men ki diferan fòm vyolans seksyèl la kapab pran:

- Konjwen w oswa menaj ou ap plede mande w gen relasyon seksyèl alòske ou te di l non. Li kontinye mande w sa jiskaske ou reziyen w epi ou aksepte paske ou panse li pa p janm lage sa.
- Ou resevwa foto oswa mesaj ki gen rapò ak sèks pa mwayen elektwonik (pa egzanp sou rezo sosyal yo oswa nan mesaj sou telefòn ou) alòske ou pa t bay konsantman w pou sa.
- Ou te dakò pou fè sèks avèk yon kapòt, men konjwen w oswa menaj ou retire kapòt la san w pa wè sa oswa san w pa di ou dakò (yo konn rele sa “stealthing” ann anglè).
- Yon lòt moun bay blag oswa fè remak ki pa apwopriye e ki gen rapò avèk sèks oswa avèk pati kò w ki prive avè w oswa sou ou.
- Yon moun kòmanse fè yon aktivite seksyèl sou ou pandan ou pa gen tout kapasite w oswa pandan ou anba enfliyans sibstans tankou dwòg oswa alkòl.
- Nenpòt kontak seksyèl ak yon timoun ki pa gen laj pou bay konsantman li.

ENPAK YO

Tout moun pa reyaji menm jan devan vyolans seksyèl la. Li enpòtan pou konnen pa gen yon “bon” fason pou reyaji apre yon twomatis. Apre yon twomatis, moun ki siviv yo kapab sibi efè fizik (tankou mak kou, enfeksyon ki transmèt nan rapò seksyèl ak chanjman nan abitud manje ak dòmi yo), efè sikolojik (tankou depresyon ak anksyete), efè emosyonèl (tankou kòlè, wont ak laperèz) ak lòt efè ankò.² Faktè sa yo kapab lakòz lòt enpak ki dire anpil tan, tankou abi sibstans, konpòtman seksyèl ki gen gwo risk ak pwoblèm nan travay si moun nan bezwen pran plis konje, si pèfòmans li yo bese oswa si li pa kapab travay ditou.³

Byenke vyolans seksyèl la kapab gen yon gwo enpak sou moun ki siviv yo, li enpòtan pou sonje yo kapab reyisi nan lavi yo, depi yo jwenn sipò. Vyolans seksyèl la pa defini yon moun ni avni li, men li kapab gen yon enpak sou sa li deside fè nan lavi li.

NOU TOUT GEN YON WÒL POU N JWE

Nou ka anpeche vyolans seksyèl la. Lè nou gen yon dyalòg sou diferan fòm opresyon ki egziste yo epi nou pran mezi pou nou goumen kont li, kèlkeswa fòm li pran an, nou kapab anpeche vyolans seksyèl la anvan li fèt. Sepandan, sa mande pou *nou tout* jwe wòl pa nou. Vyolans seksyèl se yon pwoblèm pou tout kominote a, se pa yon pwoblèm pou yon sèl moun. Nou tout gen responsablite pou n kreye kominote kote gen sekirite lè nou montre nou bay respè, konsantman ak relasyon ki bon pou sante moun yo valè.

REFERANS

¹Smith, S. G., Khatiwada, S., Richardson, L., Basile, K. C., Friar, N. W., Chen, J., Zhang Kudon, H., & Leemis, R. W. (2023). The National Intimate Partner and Sexual Violence Survey: 2016/2017 state report. Centers for Disease Control and Prevention, National Center for Injury Prevention and Control. <https://www.cdc.gov/nisvs/documentation/NISVS-2016-2017-State-Report-508.pdf>

²National Sexual Violence Resource Center. (n.d.). Impact of sexual violence [PDF]. National Sexual Violence Resource Center. www.nsvrc.org/sites/default/files/NSVRC_Publication_Factsheet_Impact-of-sexual-violence.pdf

³Centers for Disease Control and Prevention. (n.d.). Sexual violence: Facts at a glance. U.S. Department of Health and Human Services. https://www.cdc.gov/sexual-violence/about/index.html#cdcreference_10

njcoalition
against sexual assault

© New Jersey Coalition Against Sexual Assault 2024. New Jersey Coalition Against Sexual Assault (NJCASA) se yon òganizasyon ki prezan nan tout Eta a pou defann dwa moun yo e pou ranfòse kapasite yo. Li reprezante sant kriz vyòl k ap travay nan 21 konte New Jersey yo, Biwo pou Prevansyon Vyolans lan ak Asistans Viktim yo nan Rutgers University – New Brunswick, ak plizyè òganizasyon ki adapte ak diferan kilti.